दिन– गुरूवार दिनांक–29.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दू दिवसीय बिहार दौर पर छथि। ऑपरेशन सिंदूरक सफलता के बाद प्रधानमंत्री के ई बिहारक पहिल दौरा अछि। प्रधानमंत्री के पटना मे भव्य रोड़–शो जारी अछि। रोड़–शो के शुरूआत पटना हवाई अड्डा सँ भेल। रोड़–शो के दरमियान लोक सभ मे विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री के एक झलक देखबाक लेल लोक सभ व्याकुल छथि। लगभग छओ किलीमीटर के रोड़–शो मार्ग मे बत्तीस स्थान पर प्रधानमंत्री के अभिनंदनक लेल विशेष स्वागत मंच बनाओल गेल अछि। रोड़–शो के मार्ग मे ठाढ महिला, पुरूष, बुजुर्ग आ बच्चा सभ हाथ मे तिरंगा लऽकऽ प्रधानमंत्री के गर्मजोशी सँ स्वागत कऽ रहल छथि। एहि मध्य प्रधानमंत्री कखनहुं हाथ जोड़ि कऽ आ कखनहुं हाथ हिला कऽ लोक सभक अभिवादन स्वीकार कऽ रहल छथि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी भाजपा कार्यालय मे भाजपा सांसद, विधायक आ पार्टीक वरिष्ठ पदाधिकारी लोकनिक संग सेहो बैसक करताह।

---

प्रधानमंत्री के कार्यक्रम आ रोड़–शो के देखैत सुरक्षाक कड़गर व्यवस्था कयल गेल अछि। प्रधानमंत्री के रोड़–शो क दरमियान पूरा शहर मे दू सय मजिस्ट्रेटक निगरानी मे तीन हजार सँ बेसी पुलिस जवानक तैनाती कयल गेल अछि। एकर अलावा रोड़–शो के मार्ग मे आबऽवला ऊँच भवन सभ पर स्नाईपर्स सेहो तैनात रहताह। एम्हर, पटना के यातायात व्यवस्था मे सेहो परिवर्तन कयल गेल अछि।

---

एहि सँ पहिने पटना हवाई अड्डा पहुचला पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ राज्यक कतेको वरिष्ठ मंत्री तथा एनडीए के नेता लोकनि प्रधानमंत्री के भव्य स्वागत कयलनि। प्रधानमंत्री श्री मोदी जयप्रकाश नारायाण हवाई अड्डा नव निर्मित यात्री टर्मिनलक उद्घाटन कयलनि। एहि टर्मिनल के बनि गेला सँ पटना हवाई अड्डा के पैसठि हजार वर्ग मीटर मे विस्तार भेल अछि। अधिकारी लोकनि जनौलनि जे एहि सँ हवाई यात्री लोकनि के विशेष सुविधा होयत। प्रधानमंत्री श्री मोदी पटने जिला मे बनि रहल दोसर पैघ हवाई अड्डा बिहटा एयरपोर्ट के सिविल एन्क्लेवक निर्माण काज के सेहो

शुरूआत कयलनि। प्रधानमंत्री श्री मोदी अपन दौरा के दोसर दिन काल्हि रोहतासक बिक्रमगंज मे एक जनसभा के संबोधित करताह। एहि दरमियान प्रधानमंत्री क्षेत्रक विकासक लेल लगभग बावन हजार करोड़ टाका सँ बेसी के विकास योजना सभक उपहार सेहो देताह।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री के बिहार दौरा के लऽकऽ आकाशवाणी पटना के दिस सँ आइ राति दस बजे विशेष रिपोर्टक प्रसारण कयल जायत। एहि प्रसारण के राज्य स्थित आकाशवाणी के आन केन्द्र सभ सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

भारतक सात बहुदलीय संसदीय प्रतिनिधिमंडल आतंकवाद के समाप्त करबाक लेल देशक दृढ़प्रतिबद्धता के रूप मे अपन विदेश यात्रा के दरमियान उच्च स्तरीय चर्चा कऽ रहल छथि। भाजपा सांसद रविशंकर प्रसादक नेतृत्वबला प्रतिनिधिमंडल इटली पहुंचल। श्री प्रसाद रोम मे मीडिया के प्रश्नक उत्तर देत कहलनि जे वैश्विक आंतकवादक अभिशापक मे दुनू देशक विचार मे समानता अछि।

———————————————————————————

भारतीय रिजर्व बैंक चालू वित्त वर्ष मे भारत के सभ सँ तेजी सँ बढ़ऽबला प्रमुख अर्थव्यवस्था बनल रहबाक अनुमान व्यक्त कयलक अछि। केन्द्रीय बैंक आइ अपन वार्षिक रिपोर्ट जारी कयलक। एहि रिपोर्ट मे घरेलू खपत मे वृद्धि, मजगूत बैंक आ कॉर्पोरेट बैलेंस सीट तथा निरंतर सार्वजनिक पुंजीगत व्यय सँ विकास के बढ़ावा भेटबाक अनुमान जनौलक अछि।

———————————————————————————

ईद उल अजहा के चाँद काल्हि बिहार सहित देशक लगभग सभ क्षेत्र मे देखल गेल। एकर घोषणा इमारत–ए–सरिया फुलवारीशरीफ आ खानकाह–ए–मुजीबिया फुलवारीशरीफ सहित कतेको मुस्लिम इदार कयलक अछि। ईद उल अजहा अर्थात बकरीद सात जून के मनाओल जायत।

———————————————————————————

राज्यक विभिन्न भाग सभ मे प्री–मॉनसून वर्षा लगातार भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ कटिहार, किशनगंज, अररिया, पूर्णियां, बांका आ जमुई जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा के ऑरेज अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि राज्यक उत्तर–मध्य आ उत्तर– पश्चिमी भाग मे विभिन्न स्थान सभ पर अन्हर के संग वर्षा के संभावना जनौलक अछि। एम्हर पटना सहित राज्यक दक्षिणी भाग मे लोक सभ के उमसवला गर्मी झेलऽ पड़ि रहल अछि।

———————————————————————————

केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण राज्यक मंत्री रामनाथ ठाकुर आइ समस्तीपुर जिलाक पूसा मे राजेन्द्र प्रसाद केन्द्रीय कृषि विश्वविद्यालय द्वारा आयोजित विकसित कृषि संकल्प अभियानक शुभारंभ कयलनि।

अररिया जिलाक जोगबनी मे भारत–नेपाल सीमा पर भारतीय नंबरवला वाहन सभक नेपाल मे प्रवेश पर रोक लगा देल गेल अछि। नेपाल प्रशासन के एकाएक लेल गेल एहि निर्णय सँ सीमा पर कतेको किलोमीटर नम्हर जाम लागि गेल अछि।

मधुबनी जिलाक पिपरौन मे भारत नेपाल सीमा के लऽग एसएसबी जांचक दरमियान दू चीनी नागररिक के हिरासत मे लऽ लेलक। ई दुनू व्यक्ति नेपालक रास्ते भारत मे अनाधिकृत रूप सँ प्रवेश कऽ भारतीय सीमा क्षेत्र मे वीडियो बना रहल छल।

शिवहर जिला मे पंद्रह दिन धरि चलऽवला विकसित कृषि संकल्प अभियानक शुरूआत भेल। आइ ऐहि अभियानक पहिल दिन शिवहर जिला के छओ गाम शंकरपुर विन्दी, छतौना, जहाँगीरपुर, मोहनपुर, पहाड़पुर आ गोसाईंपुर गाम मे शिविर लगाऽकऽ किसान लोकनि के खरीफ फसल के खेती के संबंध मे विशेष जनतब देल गेल।

———————————————————————————

समाप्त